लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# यीशु अउर जक्कई



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुकूलित: Ruth Klassen
Alastair Paterson
अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।



एक दिन, यीशु
यरीहो से होके जात
रहलें। इ शहर के
बहुत समय पहिले
यहोशू द्वारा नष्ट
कर दिहल गइल
रहे। अब एके फिर
से बनावल
गइल रहे अउर उहाँ
बहुत लोग रहत
रहलें । उनमें से
जक्कई नाम
क  एगो आदमी
रहे।



शायद यरीहो में अन्य लोग उनके पसंद ना करत रहलन काँहे से कि उ लोगन से चुंगी क पइसा वसूलत रहलन। जक्कई ओ धनराशि में से कुछ सरकार के भेज देत रहलन - लेकिन बहुत कुछ अपनी खातिर रख लेत रहलन।

एगो चुंगी इकठ्ठा करे वाला होइला की नाते जक्कई बहुत धनी बन गइल रलहन। शायद उनकर घर उनकी ब्लॉक में सबसे बड़ अउर सबसे बढ़ियाँ रहे।



लेकिन उ एगो नाटा पुरुष रहलन, पइसा से नाटा नाहीं, लेकिन कद में नाटा रहलन। जक्कई अन्य लोगन की सामान लमहर ना रहलन।





जक्कई सुनले रहलन कि यीशु यरीहो में बाड़न, तअ ई नाटा चुंगी लेबे वाला नासरत की यीशु के देखल चाहे लगलन। उ, जे परमेश्वर क बेटा होखे क दावा करत रहलन। लेकिन बहुत ज्यादा भीड़ रहल ... लमहर लोग घेरले रहलें।



जक्कई के एगो उपाय आईल! यदि उ भीड़ की आगे जाके, एगो पेड़ पर चढ़ जइहन, जेवन सड़क पर झुकल बा तब उ यीशु के देख पइहें।



एगो गूलर की पेड़ पर चढ़ गइलन, जक्कई शाखा में से एगो आरामदायक टहनी के पाके ओहि पर बइठ के यीशु की अइला क प्रतीक्षा करे लगलन। "हम बहुत अच्छा से देखे पाइब" उ सोचत रहल होइन। "हमके उ ना देख पइहन पर हम उनके देख लेइब।"

"जक्कई, जल्दी करअ अउर नीचे उतर के आ जा" नाटा चुंगी लेबे वाला अपनी कानन पर विश्वास ना कइले होइहन। यीशु पेड़ की नीचे खड़ा रहलन। यीशु ओ के देखत रहलन। यीशु ओ के बोलावत रहलन!





जक्कई ई सुन के हैरान
रहलन की यीशु ओ के
बोलावत रहलन। यीशु
जब ई कहलन, तब उ
बिल्कुल चकित रहि गइल
होइहन, "आज हम तोहरी
घरे जरूर आइब।" जक्कई
जल्दी से नीचे ऊतर
अइलन, लगभग उ
गिरे वाला रहलन।

जक्कई ख़ुशी से भर गइलन यीशु उनकरी घरे रुके वाला बाड़न। लेकिन लोगन के ई पसंद ना आइल। उ शिकायत कइलें की यीशु के जक्कई जइसन पापी की घर क दौरा ना करल चाहत रहल हअ।





यीशु ज़क्चेउस की
खातिर एगो नाया
जीवन लेके अइलन।
जक्कई कहलन हे
प्रभु, हम  अपनी आधा
सम्पत्ति के गरीबन
के दे देइब। "अउर यदि
हम केहु के धोखा देले
बाड़ीं तअ ओ के हम
चार गुना ज्यादा
वापस दे देइब।"

यीशु जक्कई के नाया जीवन से खुश कर देले रहलन। उ तअ ई देखल चाहत रहलन कि लोग अपनी पापन से मन फिरावें अउर जेवन कुछ सही रहे उहे करें। यीशु कहलन, "मनुष्य क बेटा भुलाईल लोगन के जोहे अउर उनकर उद्धार करे आइल बाड़न" ओ दिन यरीहो में यीशु जक्कई के पवले रहलन!



# यीशु अउर जक्कई

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

लूका 19

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16